



Fè Sa w Gen Pou Fè Kounye a!



Egzijans pou Rantre Lekòl 2010-2011

Anvan li kòmanse lekòl, li antre oswa li transfere nan lekòl nan eta Florid (jadendanfan ale nan klas 12yèm ane), chak timoun dwe genyen nan dosye l yon Sètifika Vaksinasyon Florid, DH 680, ki bay prèv sa yo:

Lekòl Piblik ak sa ki pa Piblik, Jadendanfan ale nan klas 12yèm ane:

- Kat oubyen senk dòz vaksen difteri-tetanòs-koklich (DTaP)
- De oubyen twa dòz vaksen epatit B (hep B)
- Twa, kat oubyen senk dòz vaksen polyo *
- De dòz vaksen woujòl-malmouton-ribeyòl (MMR)
- De dòz vaksen varisèl[†] pou jadendanfan ak klas premyè ak dezyèm ane
- Yon dòz vaksen varisèl[†] pou klas twazyèm ale nevyèm ane

* **Nouvo egzijans pou 2011-2012**, si timoun lan pran katyèm dòz vaksen an anvan jou fèt katran l, l ap bezwen yon senkyèm dòz vaksen polyo anvan li antre nan jadendanfan.

[†]Vaksen varisèl la pa obligatwa si gen yon prèv yon doktè bay timoun lan te deja fè maladi varisèl.

Egzijans pou Setyèm Ane:

Timoun k ap kòmanse, k ap antre oswa k ap transfere nan setyèm oswa uityèm ane nan lekòl Florid dwe ranpli egzijans sa a, anplis lòt egzijans yo fè pou vaksinasyon:

- Yon dòz vaksen tetanòs-difteri-koklich (Tdap)

Ou bezwen asirans medikal pou pitit ou? Aplike nan entènèt nan www.floridakidcare.org oubyen rele (888) 540-5437 pou w jwenn yon aplikasyon.

Fl♥rida KidCare

POU JWENN PLIS ENFÒMASYON, RELE (850) 245-4342 OSWA VIZITE WWW.IMMUNIZEFLORIDA.ORG.